



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIT VAKSINASYON AN MAS NAN DOME ARENA
NAN ROCHESTER A AP DEMENAJE NAN SANT OPÒTINITE EDIKATIF
SUNY ROCHESTER**

Dènnye jou nan Dome Arena a se ap 15 out - y ap voye enfòmasyon sou randevou pou dezyèm dòz pou nouvo sit la pou moun ki te vaksinen nan Dome Arena jiska 15 out yo pa Mesaj Tèks / Imel

Aprè anons ki te egzije anplwaye eta yo pou vaksinen an, 9 nouvo sit vaksinasyon te ouvri nan jounen 4 out lanan State Office Building yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse sit vaksinasyon an mas nan Dome Arena Rochester a ap demenaje ale nan Sant Opòtinite Edikatif SUNY Rochester a, nan kad efò kontini pou ofri sit vaksinasyon an mas nan dimansyon ki apwopriye nan Eta a epi sible zòn ki bezwen yo. Dènnye jou operasyon nan Dome Arena a se ap dimanch 15 out. Nouvo sit la, ki sitiye nan 161 Chestnut Street, ap kòmanse operasyon yo nan lendi 16 out. Y ap voye enfòmasyon sou randevou pou dezyèm dòz la ak detay sou nouvo sit pou moun ki te resevwa premye dòz yo nan Dome Arena pa mesaj tèks ak imel nan kowòdone ki sou fichye tout moun.

Eta a kontinye ap evalye rès sit vaksinasyon yo pou ofri kapasite ki apwopriye pou operasyon yo ki baze sou demann, pwoksimite ak lòt efò ki konsantre lokalman. Efò a reflekte plan Eta a pou konsantre resous yo nan zòn ki adapte pou ankouraje vaksinasyon pou moun ki pa ko pran vaksen an.

"Pandan n ap kontinye itilize chak zouti ki nan dispozisyon nou pou rann vaksen an disponib pou tout Nouyòkè, n ap detèmine ke kèk nan sit vaksinasyon an mas nou yo ka reponn ak demann lan lè yo itilize espas ki pi piti", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ankouraje chak moun ki gen yon randevou pou yon dezyèm dòz pou onore randevou sa kèlkeswa sa k pase, epi pou yo pare pou prezante nan nouvo sit la si sa nesèsè. Pandansetan, si ou toujou bezwen pran premye vaksen an, tanpri vini nan yon sit vaksinasyon ki toupre lakay ou pou vaksinen san pèdi tan pou pwoteje tèt ou ak tout moun ki antoure ou."

Aprè [anons](#) Gouvènè a konsènan vaksinasyon pou anplwaye eta ak anplwaye k ap fè fas ak pasyan nan lopital eta a dirije yo, nèf nouvo sit vaksinasyon te louvri 4 out la nan State Office Building yo nan tout eta a pou ofri lòt kote ki adapte pou anplwaye yo resevwa vaksen yo.

Nouvo sit yo te ouvri nan:

- Dulles State Office Building nan Watertown
- Hughes State Office Building nan Syracuse
- Utica State Office Building
- Binghamton State Office Building
- Empire State Plaza Concourse
- Eleanor Roosevelt State Office Building nan Poughkeepsie
- Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building nan Harlem
- Duryea State Office Building nan Hauppauge
- NYS Department of Labor, Hicksville

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19 \(COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard\)](#)

la disponib pou mete Nouyòkè yo okouran sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la epi li gen done sou vaksinasyon selon kòd postal. Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodò a toulejou pou chif yo refilete kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Estaf nimewo gratis la pral voye plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye a pou asire li ke yo p ap eksplwate abitan New York yo pandan Eta a ap travay pou vaksine tout popilasyon ki elijib la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)